Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

№ 2 (7142)
2015 с. 16 январь
Рузман
БАГЬА 5 ГЪУРУЩ.
sadovoduns@yandex.ru

Терроризмалдехун рокьукълъи лъазабуна

2015 сон - ЦIел сон

*Цоцаде гIагарлъулеб тадбир*







## ЕСЭД гIумруялъулъе лъугьинабуна



РДялъул Минкомсвязалъул пресс-хъулухъалъ лъазабухъе 2015-2020 соназул планалда рекъон электроннияб системаялъ жанире рачине ккола республикаялъул бакIалъулал самоуправлениязул, подведомственниялгун пачалихъиял учреждениял.

РДялда ЕСЭД тIобитIулеб буго чанго этапалда. Гьедин 2013-2014 соназ гьеб гIумроялде бахъинабуна РДялъул БетIерасул администрациялда ва Правительствалъул республикаялъул исполнительниял органазда.

-Гьеб гIумруялде бахъинаби нижеца байбихьана гIадат хIисабалда канцеляриялда автоматизация гьабиялдасан гуреб, киналго хIалтIул бакIазда, гьединго нухмалъиялъул бакIаздаги гьеб ишалъе хIалтIухъаби ругьун гьариялдасан,-ян бицана РДялъул Минкомсвязалъул правительствалъул электроннияб цебетIеялъул управлениялъул нач. Аскандар МухIамадовас. -ЭОСалъул партнеразул кумекалдалъун тIоцебесеб этапалда бакIазда I,5 азарго пайда босулел ругьун гьаруна.

МухIамадовас бицухъе араб 2014 сон машгьураб букIана ЕСЭД РДялъул БетIерасул администрациялда, Правительствалда, Халкъияб Собраниялда, Конституционнияб судалда, РДялъул Счетная палатаялда, гьединго 30 исполнительнияб власталъул органазда, 10 шагьаралъул округазда ва киналго – 42 муниципалияб районалда гIумруялъулъе лъугьинабиялда хурхун. Бихьизабизе ккола 2015 соналъул I январалде тIадехун рехсарал бакIазда кагъат гьечIого документал, электроннияб обороталде роси гIумруялде бахъинабун бугилан.

Хадубги гьес тIадчIей гьабуна араб соналда ЭОСалъулгун кьотIиги хъван босанин система I,2 азарго муниципалиял гIуцIабазул хIалтIухъаби ругьун гьариялъе ва гьенир цогидалги хIалтIаби гьариялъе. Гьединго 3 чияс жеги гьабулеб буго цере цIализарурал ЕСЭДалдасан пайда босулезе кумек.

## Гьоркьорлъаби лъикIлъизаризе

РДялъул БетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул информациялъул ва прес-хъулухъалъул управление цебе бахъана хасаб лъазабигун Дагъистаналъул ва Азербайджаналъул халкъазда гьоркьор рукIарал вацлъиялъул гьоркьорлъаби хвезаризе хIалбихьарал гIахьалчагIазул ишазда хурхун. Ахирияб заманалда информациялъул алатазда рахъулел руго нилъер халкъазда гьоркьор цоцазада бажунгутIи ва щакдаризе тIамулел материалал. Гьелъие гIиллалъун бачунеб буго бокьараб иш, яги цо-цо мехалда гьелъие багьанаго хIажалъулеб гьечIо.

Бихьулеб букIахъе гьеб гIиллаго гьечIел лъазабиязда нахъа руго миллиял гьоркьорлъабаздасан мекъи пайда босулел гIадамал, гьел ругьунлъун руго рищватал росун, хIилла-рекIкI гьабун, чорокал ишал гьарун. Жидерго хъулухъаздаса эркен гьарурал гьез жакъа харбал тIиритIизарулел руго мадугьаллъиялъул ва гьудуллъиялъул гьоркьорлъаби хвезаризе хIалбихьулаго дагъистанияздаги азербайджаназдаги гьоркьор ругел вацлъиялъул бухьенал хвезаризе. Амма гьаб киданиги биччазе гьечIо.

Республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул рагIабазда рекъон Дагъистаналъулги Азербайджаналъулги буго цоцазде гIагараб тарихияб культура, гIаммаб история. Киданиги ва лъиданиги кIвечIо кIиго халкъ дагIбадизе тIамизе, гьел кидаго рукIана ракълида. «Нижее бокьун буго вацлъиялъул Азербайджаналъулгун экономикиялгун культуриял гьоркьорлъаби церетIезаризе. Гьелде нилъ ахIулел руго В. Путинида ва И. ГIалиевасда, гьединго пачалихъалъул бутIрузда ва халкъазул церехъабазда гьоркьор ругел лъикIал гьоркьорлъабаз»,-ян бихьизабулеб буго пресс-хъулухъалъ.

**Пенсия**

## Февралалда - тIадежураял

Араб соналъул 27 декабралда улкаялъул киналго отделениязда байбихьана январь моцIалъул пенсиял кьезе,-ян бихьизабуна Россиялъул Пенсионняб фондалда (ПФР). Пенсиял рехизе руго цIияб низамалда рекъон.

Россиялъул захIматалъулгун социалиял рахъалъ цIуниялъул министр Максим Топилиниаца абуна пенсионеразда гьаб моцIалъ лъазе гьечIин пенсиязулъ ккараб хиса-баси. Пенсионнияб фондалъул жидерго техникияб хIалтIи ккола баллалги хIисабалде росун пенсиял кьей. Жалго пенсионеразе гьелъул щибго хисизе гьечIо. Январалъ пенсионеразе щвезе буго декабралда щун букIараб пенсия.

Февралалда абуни пенсия дагьабго цIикIкIине буго. ГIадат хIисабалда гьелъул индексация гьабизе буго президент В. Путиница абухъего «2014 соналъул инфляциялъул къадаралъухъ балагьун». ЛъагIалил хIасилазухъ балагьун кинаб гьеб букIине бугебали хIисаб гьабизе буго Росстаталъ январалъул къоабилеб къоялде. Хьул гьабулеб буго гьелъул къадар 10 проценталде гIагараб букIине бегьулин, гьелъул мухIканаб тарих лъазе бегьула январь моцIалда.

Законалда рекъон Россиялда пенсиязул индексация гьабула лъагIалида жаниб кIиго нухалъ. ТIоцебесеб – цебехун абухъего I февралалда, кIиабилеб – I апрелалда. Гьеб букIине буго Россиялда пенсионнияб фондалъул доход инфляциялдаса тIадегIанаб бугони.



Экспертазул пикрабазда рекъон пенсиял кIиабилеб нухалда цIикIкIинари бараб букIине буго пенсионерасул прожиточнияб минимумалда. Февралалъул цIикIкIинабиялдаса хадуб гьеб прожиточнияб минимумалде данде кколеб гьечIони, гьеб цоги нухалъ цIикIкIинабизе буго ПФРалъул доходалъухъ балагьичIого.

Пенсионеразул февралалъул пенсиязул индексация гьабизе хIажалъула II2 миллиард гъурущ. Гьеб гIарац биччазе буго федералияб бюджеталдасан. Гьелъул хIакъалъулъ бицана вице-премьер Ольга Голодецалъ. Цебеккун хIисаб гьабун букIана гьеб мурадалъе 90 миллиард гъурущ хIажалъизе бугилан. Доб заманалда хIисаб гьабулеб букIана инфляция 7,5 проценталдаса цIикIкIине гьечIиланги.

## ЦIияб сонги баркулаго

*Газета бокьулел гьалмагъзабазде*
*Гьельул цIаралдасан калам гьабизин,*
*Подпискаги гьабун гьеб цIунулезе*
*ЦIияб сонги баркун, сахлъи гьаризин!*

*Унсоколо росдал бетIер*
*М. МухIамадовасухъе*

ЦIалулезе рикьизе
Подпискаги гьабулел,
Росу-ракь цIуниялъе
Кьолден гIадинан чIолел.
Биччанте ЦIияб соналъ
ЦIилъизе росдал гьумер.
ЧIваднал ругелъур цIиял
Эхетизе минаби.

ШУВКялъул директор
Гъ. ГъазимухIамадовасухъе

Газеталъул гьудул, хIалимав инсан
Сахаватаб буго, нужер коллектив,
Кидаго хисичIел ва хисуларел
Нижер гьудулзаби, сахлъи нужее!

*«Ромашка» ясли-ахалъул зав.*
*З. МухIамадовалъухъе*

Коллективалъего газетаги хъван,
МагIарул мацIалъе кверчIвай гьабулей,
Лъимерлъиялдасан гIадан куцазе
ХIалтIулелщиназе бичIчIиги кьолей.
Загьидат МухIамадова, захIмалъабазе
Каву къан батаги ЦIияб сонада.
Баркатаб, талихIаб, мурад тIубалеб
БачIаги щибаб къо, коллективалъе!

*СЮТалъул нухмалъулев*
*Л. ГIабдурахIмановасухъе*

Цогидаз гьабураб хIалтIи кIочена
Нужер тарихалда хIур кIутIиларо.
Баркула ЦIияб сон, сахлъигун рохел
Даимлъаги нужей, тIолго гIумруялъ!

*Реабилитационнияб*
*централъул нухмалъулесул*
*ишал тIуралей*
*Х. ГъазимухIамадовалъухъе*

Газета кватIани хадур кIалъалел
Гьельул мухъаздасан пайда босулел,
Лъавукълъи какулел, гIумру баркулел
Централъул коллектив, рохун таги нуж!

«Россельхозбанкалъул»
директор М-ТI.
АхIматIхъановасухъе

IIарацги бикьулел, лъайги босулел
Банкалъул коллектив, сахлъи нужее,
Буголъи гьарзалъун, гIумроги лъикIлъун
Кьварилъи кIочаги гьаб тIалъиялда!

*Шамильхъалаялъул №8*
*ясли-ахалъул зав.*
*П. ГIабдулаевалъухъе*

БичIчIи бугеб, лъай бугеб
Коллектив гIезабурай,
ХIалтIи камиллъиялъе
Кинабго рахъ борцуней.
Баркула ва баркала
Дур гьеб коллективалъе,
Хадубккунги гьудуллъи
Хвеларо, Иншааллагь!

# 2015 - ЦIел сон



47 гIасруялъ дунялалда гIумро гьабулеб буго Китаялъул (восточнияб) календаралъ, гьеб гIатIидго хIалтIизабулебги буго Азиялъул бакъбаккул улкабазда: кисакибего кутакаб интерес буго гьелде. Кинабха букIине бугеб гороскопалда рекъон 2015 сон?

БатIи-батIияб биценал руго календаралъул рахъалъ. Гьездасан бищунго берцинаб буго Китаялъул гороскоп ургъарав Буддал хIакъалъулъ. Дунял тун иналде цебе Буддаца жиндихъего ахIанила киналго хIайванал. Амма I2 гурони бачIинчIила. Баркала хIисабалда Буддаца щибаб моцIрол сонада иргадал гьел рачIараб куцалда соназул покравителаллъун гьарунила гьел. IIоцебе бачIана Крыса, хадуб Оц, ЦIиркъ, IIанкI, Дракон, Борохь, Чу, Маймалак, ХIелеко, ва Хъабан. Гьеле Буддаца ургъараб гьеб къагIида чанго нусго соналъ хисулеб гьечIо. Жакъаги къуваталда буго гьеб. IIадамал божулел руго зобалазул къуват хIай-ваназ борцунилан, данде ккарал соназ гьаруразул къасматалда тIад гьезул асар букIунилан.

Гьединго Китаялъул гороскопалда буго цойги щуго символ: гьел ккола Дерево, Огонь, Земля, Металл, Вода. 60 сонида щуго нухалъ бачIуна нилъехъе хIайваназул сон. Стихиялъул символ -I2 нухалъ. Гьелда тIадеги щибаб соналъул буго жиндирго кьер; хъахIилаб, г1урччинаб, багIараб, хъахIаб ва чIегIераб. Кьерал цоцаца хисула гьединабго къагIидаялъ: кIиго соналъ хъахIилаб хадуб кIиго соналъ багIараб ва гь. ц.

I2 сонилаб Китаялъул гороскопалда ва роценалда рекъон 2015 сон ккола микьабилеб. Гьеб байбихьула 2015 соналъул I9 февралалда ва лъугIула 2016 соналъул 7 февралалда. Исанисеб соналъул покровительница ккола ЦIе, гьелъ бихьизабула гьаб сонада руччабазул асар букIин. ХIинкъараб бугониги гьеб хIайваналъе рокьула хIаракатал, тIадчIарал. Ишалъулъ бугеб хIаракатчилъи ккола талихIаб букIинесельул кьучIлъун. ЦIе ккола цIодораб хIайван, ургъичIел пишабаз ва тIадагьал хIукмабаз гьелъул щим бахъинабизе лъикIаб гьечIо. Гогьабгьагаб ва цо хIалалда чIолареб ЦIеялъул буго бигьаяб,тIадагьаб ва хис-хисулеб гIамал. Гьелъул нухмалъиялда гъоркь нилъер гIумроги гьединабго букIине бегьула.

ЛъагIалил стихия ккола Дерево. Гьеб буго иxдалил ва рогьалил символ. КъартI ва гIакьло букIин буго аслияб качестваби, гьелдаго цадахъ букIина чIара-хьараб, къуватаб ва кьуркьи гьечIеб сон. Деревоялъ жаваб кьола творчествалъе ва пикро гьабиялъе. Буго тIегь бараб. Дерево ккола гIумруялъул, лъаялъул, гIакълуялъул ицц. Ригьназеги лъимал гьаризеги лъикIаб буго гьаб сон.

ЛъагIалил кьер – хъахIилаб (гIурччинаб). Гьедин нилъехъе щвана ХъахIилаб (гIурччинаб) ЦIеялъул сон. Астрологаз лъазабухъе гьеб гьеб букIина ракълилаб, гIехьелаб хIалтIизе ва магIишат гьабизе лъикIаб сон.

Деревоялъул соналъ гьарурал рукIине руго творческияб гIадамал. Гьел рахьине рес буго художникаллъун, поэталлъун, хъвадарухъабилъун. Рахьине бегьула фермераллъун ва къадру бугеллъун. Деревоялъ асар гьабизе буго тIулада, беразда. Къисмат лъикIаб букIине буго гIурччинал ва хъахIилал берал ругел гьеб соналъ гьарурал лъималазул.

ЦIел буго артистазулаб, лъикIлъи гьабизе бокьулеб гIамал-хасият, амма бокьула цогидазул кумекалдалъун гIумро гьабизе. Гьединго гьеб буго жиндирго гIамал ккураб, хехго хисулеб. ЦIел соналъ гьарурaзе бокьула живго хутIи, цогидазул кумекалде ккарал рукIуна гьел, бокьуларо цIикIкIарал хиса-басиял. Аслияб буго хIинкъи гьечIолъи. Жидецаго хIукмо гьабизе бокьуларо, амма гьел калам гьечIого тIуризарула. РукIа-рахьиналъуль гIуцIи гьечIолъи, ракI биххи ккола ЦIел хасиятазул гIаламатал.

Аллагьас лъикIабщинаб хъван батаги нилъее ЦIел соналъ!

**Антитеррор**

# Терроризмалдехун рокьукълъи лъазабуна




«Шамильхъалаялъул гъоркьохъеб гIаммаб лъай кьеялъул школалъ» (МКОУ) 2014-2015 соназда экстремизм-терроризмалде данде рагъ гьабиялъе гьабун буго гIатIидаб план. Гьелго суалал рорхулел руго 2012-2016 соназе бугеб экстремизм-терроризмалде данде къеркьеялълугун лъай кьеялъулаб республикаялъул целевыяб программаялдаги

Планалда аслияб бакI ккола «Ниж терроризмалде ва экстремизмалдае данде»,-абураб бутIаялъ. Гьелда рекъон гIезегIанго тадбирал гьарулел руго школалда. Гьедин бащдаб лъагIалида жаниб I0-II классазда гьоркьоб тIобитIана терроризмалъул кьучIалъул гьелъул хасияталъул, рес къотIарал бакIазда хIинкъи гьечIолъи букIинабизе гьаризе кколел хIалтIабазул бицунел тадбирал. ЦIалдохъабигун дандчIвана Шамильхъалаялъул мажгиталъул имам ХI. ГIисаев. Гьез имамасе суалал кьуна, ракIалде щвезаруна Россиялда ккарал чIахIиял террористическиял актал, жидецаго кьимат кьуна гьел нахъегIанал ишазе. Гьединалго дандчIваял тIоритIулел руго школалъул щибал классаздаги.

Планалъул кIиабилеб бутIа ккола «Лъималазул бераздалъун - терроризм»,-абураб. Школалда тIобитIана «Лъималазул бераздалъун – терроризм»-абураб суратал рахъиялъул конкурсги (сураталда).

Лъабабилеб ккола «Терроризмалъул обществалъе бугеб хIинкъи»,-абураб. Гьеб темагун чIахIияб классазул цIалдохъабазе тIобитIана цIакъго интересаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул член ва хIалтIухъан М-Р. Гъафуров, лъай кьеялъул управлениялъул кIудияв специалист М. ХIажимухIамадов, РОВДялъул хIалтIухъан Ю. ХIайдаров, райадминистрациялъул санaзде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабулей специалист П. ХIожоева, лъай кьеялъул управлениялъул методкабинеталъул зав. Сакинат ГIабдурахIманова ва цогидалги. Тадбиралда 9 «б» классалъул нухмалъулев ХI. МухIамадгIалиевас ва байбихьул классазул методист Г. ГIабдурахIмановалъ гIатIидаб видеоматериалалги хIалтIизарун, рагIаракьанде щун бицана терроризм баккиялъул тарихалъул, гьелъул къагIидабазул, улкаялда ва республикаялда ккарал чIахIиял теракталъул. Тадбиралда гIахьаллъаразе асар гьабичIого хутIичIо Бесланалъул балагьалъ. Гьенибго цIалдохъабаз терроризмалдехун рокьукълъи лъазабуна, гьез гIолилал ахIана терроризмалде данде къеркьезе, ракълиде, экстремизмалъул асаралде гъоркье ккезе ч1ечIого, гьезул къагIидаби тIагIинаризе ва нилъерго умумазул къануназда рекъон гIумро гьабизе.

***Нижер мухбир.***

# «Садовод»

Страница в номере

## Новый закон РФ о социальном обслуживании граждан (наша беседа)

Какие положительные перемены несет Федеральный закон от 28 декабря 2013 года № 442 «Об основах социального обслуживания граждан в Российской Федерации» для нуждающихся в социальном обслуживании граждан? Какие новшества содержит новый закон? На эти и другие вопросы отвечает директор Государственного бюджетного учреждения Республики Дагестан «Комплексный центр социального обслуживания населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» Гимбатова Азра-Айшат Магомедовна.

Почему пришли к необходимости принятия нового закона о социальном обслуживании граждан? Неужели действующее законодательство не отвечает требованиям современности?

Тут необходимо вспомнить, что тот Федеральный Закон, на который мы опираемся сегодня в своей работе, – № 195-ФЗ «Об основах социального обслуживания населения в Российской Федерации» был принят еще в 1995 году. Тогда за социальное обслуживание отвечал и федеральный центр, и регионы. С 1 января 2005 года полномочия по предоставлению социальных услуг были переданы субъектам, и каждый начал работать исходя из своих возможностей. Новый закон считаю очень важным и своевременным, он в полной мере отражает современные реалии, учитывает опыт, в том числе и негативный, применения предыдущих законов, повышает доступность социальных услуг для населения, конкретизирует ответственность организаций, оказывающих их. Цель этого документа – ввести единые нормы социального обслуживания населения на всей территории России – это то, чего работники организаций социального обслуживания населения очень долго ждали.

Скажите пожалуйста, какие новации нового закона являются наиболее значимыми и наиболее важны для понимания его сути?

Принципиальное здесь, уверена, – это цели социального обслуживания. В новом законе они пояснены следующим образом: «Улучшение условий жизнедеятельности человека и (или) расширение его возможностей самостоятельно обеспечивать основные жизненные потребности». Понятие «гражданин, находящийся в трудной жизненной ситуации» заменено на «гражданин, нуждающийся в социальном обслуживании». Определены следующие виды социальных услуг: социально-бытовые, социально-медицинские, социально-психологические, социально-педагогические, социально-правовые, услуги в целях повышения коммуникативного потенциала лиц, имеющих ограничения жизнедеятельности. Отдельно выделены социально-трудовые услуги – оказание помощи в трудоустройстве и решении других проблем, связанных с трудовой адаптацией.

Скорее всего, многие будут удивлены, что в новом законе понятие «трудная жизненная ситуация» не приводится. Ведь многие годы этот термин основополагающий. Что пришло на смену?

Тут надо отметить, что термин «трудная жизненная ситуация», действительно очень долго являвшийся базовым, все-таки был довольно расплывчатым. Это отмечали и сами специалисты, работающие в сфере социального обслуживания. Ведь кто-то трактовал его широко, а кто-то, напротив, – узко. В новом законе вместо этого четко установлены обстоятельства, при наличии которых граждане признаются нуждающимися в социальном обслуживании – это прописано в статье 15-й. С 1 января 2015 года помощь получат те, кто полностью или частично потерял способность к самообслуживанию из-за болезни, травмы, возраста или инвалидности; семьи с одним или даже несколькими инвалидами, в том числе детского возраста, нуждающимися в постоянном уходе. Разумеется, в перечне – семьи с ребенком, испытывающим трудности в социальной адаптации; люди, у которых отсутствует работа и средства к существованию. Социальные работники придут на помощь и тогда, когда в доме «царит» агрессия и зафиксированы случаи насилия над женщинами и детьми. Не ускользнут от внимания и семьи, где есть наркоманы, алкоголики, игроманы.

Думается, одно из принципиальных новшеств, вводимых новым законом, – «индивидуальная программа предоставления социальных услуг». Что из себя будет представлять этот документ, кто его разработает, не добавит ли он гражданам лишней головной боли, связанной с постоянным переоформлением?

Хочу сразу отметить, что новый закон создает более комфортные условия для получателей социальных услуг. Индивидуальная программа предоставления социальных услуг – это, образно говоря, «дорожная карта» оказания помощи. Кстати, ее форма определяется Министерством труда и социальной защиты РФ, и разрабатываться она будет сразу на три года. Конечно, если понадобится, то можно делать это и чаще: если изменились потребности гражданина в социальных услугах. Составление программы – прерогатива комплексных центров (центров) социального обслуживания населения в муниципальных районах и городских округах (далее – центры) по месту жительства гражданина на заявительной основе. Правда, предварительно центры должен признать гражданина нуждающимся в социальном обслуживании и установить его индивидуальную потребность в социальных услугах. В программу включаются: форма социального обслуживания, виды, объем, периодичность, условия, сроки предоставления социальных услуг, перечень рекомендуемых поставщиков и социальное сопровождение. Программа носит для гражданина рекомендательный характер, а для поставщика – обязательный.

Покажу на одном примере. Обладатель такой программы, к примеру, решил переехать. Если это происходит в пределах нашей республики, то какими услугами он пользовался до переезда, этот же перечень ему предоставят и на новом месте. Никакого нового документа составлять не надо. Более того, даже если гражданин переехал в другой регион, то индивидуальная программа, составленная по прежнему месту жительства, сохраняет свое действие в том объеме перечня социальных услуг, который установлен в этом субъекте Российской Федерации.

Без сомнения, тех людей, которые подпадают под действие нового закона, больше всего интересует, кто получит социальные услуги на бесплатной основе?

Совершенно бесплатно помогут, во-первых, несовершеннолетним детям, во-вторых, людям, пострадавшим в результате чрезвычайных ситуаций или вооруженных межнациональных конфликтов, в-третьих, гражданам, чей среднедушевой доход ниже полуторной величины прожиточного минимума. Кому-то покажется, что список коротковат, а между тем, мы прогнозируем увеличение числа получателей социальных услуг на бесплатной основе.

Где именно им могут предоставить услуги?

В новом законе более четко определены различия в формах социального обслуживания: на дому – наверное, здесь не нужны дополнительные разъяснения; в полустационарной форме – подразумевается социальное обслуживание в определенное время суток; в стационарной форме – тут речь идет о постоянном временном или пятидневном в неделю круглосуточном проживании в организации социального обслуживания.

В статье 22-й нового закона речь идет о «социальном сопровождении». В развитых странах такой вариант социального обслуживания давно прижился и очень востребован. Вопрос в том, какое «наполнение» предусматривает этот термин в российском законе?

Если уж быть совсем точными, то прежним законодательством социальное сопровождение тоже предусматривалось, но в составе социальных услуг. Теперь оно выделено отдельно, и мне кажется, такой подход более полезен с точки зрения комплексности помощи. Социальное сопровождение в интерпретации нового закона предполагает содействие в предоставлении медицинской, психологической, педагогической, юридической, социальной помощи, не относящейся к социальным услугам. В его основе – межведомственное взаимодействие организаций, оказывающих такую помощь. Следует отметить, что мероприятия по социальному сопровождению обязательно отражаются в индивидуальной программе предоставления социальных услуг.

С января этого года в сферу социального обслуживания допустят и некоммерческие организации и индивидуальных предпринимателей. Каково ваше мнение по этому поводу?

Новый закон дает зеленый свет и открывает огромные возможности для социального предпринимательства. Думаю, это даст хороший импульс для развития государственно-частного партнерства в социальной сфере.

Неужели любой может прийти на этот рынок?

В принципе кто угодно, но все не так просто, как может показаться на первый взгляд. Будет создан Реестр поставщиков социальных услуг, а чтобы попасть в него, юридическому лицу или индивидуальному предпринимателю необходимо соблюсти целый ряд установленных требований. Кроме того, никто не отменяет государственный контроль в сфере социального обслуживания. А на новом этапе к нему добавится еще и общественный контроль: его будут осуществлять общественные организации в соответствии с законодательством РФ о защите прав потребителей. Одной из форм общественного контроля является независимая оценка качества оказания услуг организациями социального обслуживания. Наше Министерство со своей стороны создаст необходимые условия для проведения этой оценки. Так, например, на официальном сайте появится такая вкладка, воспользовавшись которой, граждане смогут выразить свое мнение о качестве оказания социальных услуг. Реестр поставщиков тоже будет размещен на нашем официальном сайте. Следовательно, каждый гражданин сможет ознакомиться с необходимой ему информацией: по какому адресу располагаются поставщики, какие услуги они предоставляют, каковы результаты проведенных проверок.

В каких случаях и какие организации социального обслуживания получат право на получение компенсации на возмещение затрат, связанных с предоставлением социальных услуг и как будет определяться размер выплачиваемой компенсации?

Компенсация будет выплачиваться юридическим лицам (за исключением государственных (муниципальных) учреждений), индивидуальным предпринимателям, включенным в реестр поставщиков социальных услуг Республики Дагестан, но не участвующим в выполнении государственного задания (заказа), на возмещение затрат (части затрат), связанных с предоставлением социальных услуг получателям социальных услуг в соответствии с их индивидуальными программами. Размер компенсации будет определяться исходя из утвержденных Министерством тарифов на социальные услуги, рассчитанных на основании подушевых нормативов финансирования социальных услуг, фактического объема оказанных услуг и условий предоставления социальных услуг (бесплатно или на условиях частичной оплаты).

Жизнь каждого человека невозможно разложить по полочкам. Случается так, что кому-то помощь работников учреждений социального обслуживания требуется незамедлительно, и нет времени на составление каких-то документов. Как быть в таком случае?

Вероятность возникновения таких жизненных ситуаций тоже учтена разработчиками нового закона. В качестве самостоятельного вида определены срочные социальные услуги. Они будут предоставляться без составления индивидуальной программы и без заключения договора. Это своего рода неотложная социальная помощь, и оказываться она будет в сроки, обусловленные нуждаемостью получателя этих услуг. В этом случае речь может идти, например, об обеспечении бесплатным питанием, одеждой и предметами первой необходимости, материальной помощью.

Лишь только прослышав про какие-то законодательные новшества, народ начинает тревожиться: а вдруг окажется больше минусов, чем плюсов?

Такое беспокойство вполне понятно, ведь любые изменения предполагают, как сейчас модно говорить, выход из зоны комфорта, хотя не факт, что там было хорошо, может, просто привычка. В нашем случае ситуация осложняется тем, что мы работаем с социально-уязвимыми категориями населения, жизнь которых полна сложностей. Хочу подчеркнуть, что все наши учреждения социального обслуживания продолжают свою работу в штатном режиме, и ни на один день в связи с нововведениями граждане, которые получают социальные услуги, не лишатся их. Поскольку неизбежно будет сравнение «как было и как стало», то отмечу, что в связи с предстоящими существенными изменениями в законодательстве предусмотрены так называемые переходные положения. Если коротко, то их суть в том, что перечень, условия предоставления социальных услуг не могут быть ухудшены по сравнению с тем, какими они были на 31 декабря 2014 года. Конечно, в период внедрения нового закона возможны какие-то одномоментные трудности, но, думаю, они никоким образом не скажутся негативно на тех, кто находится у нас на социальном обслуживании.

Можно ли утверждать, что федеральный центр этим новым законом задала вектор движения, а в Республике Дагестан предстоит большая работа по конкретизации буквально каждой статьи этого чрезвычайно важного для социальной сферы закона?

Для того чтобы было понимание, о каких объемах работы и сложности задач идет речь, приведу только одну цифру: 23 законодательных и иных нормативных правовых актов предстояло принять органам государственной власти республики в целях реализации положений Федерального Закона «Об основах социального обслуживания граждан в Российской Федерации». В течение всего 2014 года в Республике Дагестан проводилась широкомасштабная и кропотливая работа. На днях проект закона Республики Дагестан «Об утверждении перечня социальных услуг, предоставляемых поставщиками социальных услуг в Республики Дагестан» будет рассматриваться во втором чтении сессии Народного Собрания Республики Дагестан. Работа завершается и, убеждена, с 1 января 2015 года мы будем поднимать социальное обслуживание на качественно новый уровень.

**Учредитель:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

Адрес: 51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28
Телефон редактора
55-63-07

Унсоколо районалъул Унсоколо росу. Муст1афаевасул къват1, 28

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Газета выходит на аварском и русском языках

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда ва къватIибе биччана «Дом печати» типографиялда Г1ахъушинскиясул къват1 21
Тираж 1500 экз.

Газета отпечатана в типографии «Дом печати» по адресу: ул. Акушинского 21
Подписано в печать 30. 12. 2014 г.

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьиза рурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун.

*СЮТалдасан - харбал*

# Топознаказул конкурс

25 декабралда гIолел туристазул станциялда школазул лъималазда гьоркьоб тIоритIана иргадулаб топознаказул конкурс.

Топографическиял знакал ккола хас гьабун гъветI-рохь, лъим, рукъзал, нухал ва гь. ц. жинди-жиндий бихьизабураб знакалдалъун карта бахъизе хIалтIизарулел жал. Топознакаца бихьизабула киб рохь, хур-ах, хIорал, лъарал, гохI-щоб бугебали.

Конкурсалда гIахьаллъана анлъго команда. Къецазде командаби хIадурана туристазул станциялъул педагогаз. Гьабураб конкурсалъул ккана гьадинал хIасилал:

ТIоцебесеб бакI щвана «Унцукуль» ва «Унцукуль-2» командабазе, педагогал З. ГIабдулаева ва П. Абакарова. КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана «Дети гор» команда, педагог Ш. ГIабдулаев. Лъабабилеб бакI щвана «Экстремалы» командаялъе, педагог Ш. НурмухIамадов.

Конкурс ц1алдохъабазе пайдаяб куцалда ана.

Баркула киназдаго щварал бергьенлъаби ва тIаде щвараб ЦIияб сон!.

*С-А. ГIАБДУЛАЕВ.*
*СЮТалъул методист*

**Динияб букIон**

# Цоцаде гIагарлъулеб тадбир

Щуго моцIалъ цеве Дагъистаналъул муфтиясул бихьизабиялда рекъон Унсоколо районалъул Майданское росдал мажгиталъул имамлъун тIамуна Бакълъухъа гIалим ГIумаров МухIамадрасул, гьев росдал жамагIаталъ лъикIго къавулги гьавуна. МухIамадрасулил хIаракаталдалъун РабигIуль авалалъул къоабилеб къоялъ Майданское росдал мажгиталъуб тIобитIана гIемерал гIалимзаби данделъараб мажлис-мавлид. Гьениб вагIзанасихIатал гьаруна: Шамилхъалаялдаса ХIабибица, Хьаргабиса ХIусеница, Унсоколоса АхIмадица, Балахъуниса Шамилица, Къудукьа МухIамадица, Генуса ГъазимmухIамадица, ЧIикIаса МухIамадица, динияб управлениялъул хIалтIухъан Шигьабудиница, Унсоколо районалъул имам МухIамадица. Мажлисалда гIахьаллъаразе кIудияб асар гьабуна МахIачхъала шагьаралъул кIудияб мажгиталъул имам МухIамадрасул СагIадуевас гьабураб вагIза-насихIаталъ. Гьесул вагIзаялъул аслияб магIна букIана щивав бусурбанав чияс ва чIужугIаданалъ жидерго тIабигIат-гIамал берцин гьабизе, цоцазул гIисинал гIунгутIабазде сабруги гьабун гьуинго цоцалъ рекъон хьвадизе ккеялъул бицараб. Суалазе, чIван къотIарал далилал, хIадисалги рехсон мухIканал жавабалги кьуна МухIамадрасулица.

Гьениб вагIза-хабаралда гьоркьо-гьоркьоб жидерго берцинаб гьаракьалдалъун мавлид ахIана Унсоколо росдал мажгиталъул будун, ГIабдулагьил вас МухIамадица ва Майданскоеялдаса Мирзал МухIамадицаги. Исламалда хурхараб гIемераб пайдаяб жо рагIана гьеб къоялъ мажлисалда рачIаразда. Гьалбадерие кванил кьер-кьераб тепси гIуцIун букIана Унсоколо районалъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев, сахаватав инсан ГIиса НурмухIамадовас. Гьалбадерил рахьалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго гьединаб пайдаб мажлис гIуцIарав Майданское росдал мажгиталъул имам МухIамадрасулие ва росдал бегавул АбулхIасаниеги.

*МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.*

# Чи хведал зигара гьаби

Чи хвараб яги цоги балагь-къварилъи бачIаразда зигар гьаби буго суннатаб, цIакъ кири кIудияб, исламалъул нух. Зигара гьабизе лъикIаб буго хварав вукъилалде цебе ва вукъун хадуб гIага-шагарго лъабго къоялъ, гьелдаса хадуб зигара гьабизе карагьатаб буго, гьев сапаралъ вукIун, унтун яги цоги гIилла букIун батичIони.

Зигара гьабулаго лъикIаб буго гьел гIодоре руссинаризе, сабруялде ахIизе, гьезул ракI-



макI гьабизе. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Щив чи вугониги жинца балагь-къварилъи бачIарав чиясда зигара гьабун, гьесиеги букIуна доб балагь бачIарав чиясе гIадаб кири» (хIадис бицана Тирмизияс ва Байгьакъияс).

Руччабазеги суннатаб буго зигараялъ ине. Аварагасул ПатIиматги унаан зигараялъ.

Байгьакъияс ва ибну Маджагьица бицана Аварагас (с. т. гI. в.) абунила: «Щив муъминчи вугониги жинде балагь бачIарав диналъул вацасда жинца зигара гьабун, ТIадегIанав Аллагьас гьесие къиямасеб къоялъ гIарац меседалъул хъала бала».

Зигара гьабизе гIадамазе санагIат букIиналъул мурадалда хварасул гIагарлъи цо бакIалда бакIаризе бегьула гьениб хIарамаб жо гьабулеб гьечIони. Гьединаб лъикIаб ният гьечIони гьеб жо какараб буго. Зигара гьабизе бегьула нилъерго рахьдал мацIалда, бокьарал рагIабаздалъун. Гьениб абизе лъикIаблъун асхIабзабаз рикIкIуна гьадинал магIнаби ругел рагIаби. «Аллагьас нужее кири цIикIкIинабеги». «Аллагьас нуж алжаналда данде гьареги», «Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги», «Хварасулги нужерги мунагьал чурун ратаги ва Аллагьас нужее берцинаб сабру кьеги», «Хварасда Аллагь гурхIаги» ва гь. ц. Зигара гьабиялъул магIна ккола балагь бачIарасе сабру гьабизе кумек гьаби. Гьеб ккола диналъул вацасе гьабулеб кумек ва насихIат, ай лъикIалдалъун амру гьаби.

Зигара гьабизе лъикIаб буго хварасул кинабго хъизан-гIагарлъиялда, гIолохъанал махIрамиял гурел руччабазда бихьиназ хутIун.

(Исламияб календаралдаса)

***Пайдаял малъиял***

*Угъдул унтулезе*

Унтарал угъдул сах гьарула: босила цIиял гIабукIил тIамхал. БацIина гьеб бацIадаб хамица, къотIила кIуркьмаххалъ кьалбал, хIатIидаса бахъараб накалде щвезегIан жемила тIамах, гьелда тIад жемила бинт ва хIеренаб квасул шарф. Гьеб гьабизе ккола кьижилалде цебе, тела радаллъизегIан. Угъдузул бухIиги унтиги 20-30 минуталдасан лъугIула ва къасде кьижизеги кIола.

Такрар гьабизе ккола I2 къоялъ. къо бахъанагIан унти дагьлъула ва I3 къоялъ угъдул тIуранго сахлъула.

ГIабукI бегьула хасалоялде бакъвазабизеги. Бакъвараб гIабукI бухIараб лъелъе рехула ва полотенцаялъги бацIцIун хIалтIизабула. Бегьула хьитазда жаниб гIабукIги лъун хьвадизеги.

***Беразул унти – ячмень***

Беразул ячмень лъугьун бугони: лъела цIеда чайник ва гьеб гьалараб мехалъ чайникалда жанибе бала хъат цIураб сода. Бигьа гьабун рагьила гьелъул тIалъел, тIоцебе бачIунеб хIухьел речIчIизабила унтараб бералда (бер къанщун букIине ккола). Гьеб сеанс гьабизе ккола нилъер черх лъикIго хинлъизегIан.

Беразул ячмень унти лъугьун гIемераб заман бан гьечIони гьелъие цохIо сеансги гIола.

*РекIелгъеялъе цIале*

Кафеялда цIияв магIаруласда гьикъула:

-Щиб гьекъелеб, шампанское кьелищ?

- Кьоге, шампанскоялъ канлъиялъе асар гьабулеб буго, портвейн кье.

- ТIоцебе рагIулеб буго шампанскоялъ канлъиялъе асар гьабулеб.

-Дидаго рекъон хIисаб гьабулеб букIана, балагье гьелъул багьаялъухъ, дурги канлъи босулеб куц бихьизе.

* * *

-Дун гьесие инаро, гьев рекъав вукIин дида лъаларoан.

- Киеха мун цее ялагьун йикIарай?

-Нижеца лъай-хъвай гьабун букIана цIакъ берцинаб машинаялда гьев вугеб мехалъ.

**Лъазаби**

Районалъул лъай кьеялъул управлениялда унеб буго ЕГЭ кьезе бокьарал выпускниказул регистрация гьаби. Гьединал рачIине ккола лъай кьеялъул управлениялде бугони аттестатгун ва паспорталъул копиягун 20I5 соналъул I7 январалде щвезегIан.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул культураялъул хIалтIухъан НахIи ГIамирхановалда ва тIолабго гIагарлъиялда гьелъул рос **Къурбанов МухIамад** къокъидго хвеялда бан. Аллагьас имамалда тIовитIун ватаги гьев.